



## **Ou pral resevwa yon nouvo kat Medicare!** **Kat yo ap vini pa lapòs ant Avril 2018 – Avril 2019**

Ou te mande, e nou te tande. Ou pral resevwa yon nouvo kat Medicare! Ant Avril 2018 ak Avril 2019, nou pral retire nimewo Sekirite Sosyal yo nan kat Medicare yo epi voye pa lapòs yon kat pou chak mnam. Sa pral ede kenbe enfòmasyon w pi ansekirite ak ede pwoteje idantite w.

Ou pral genyen yon nouvo Nimewo Medicare ki inik a oumenm, e li pral itilize sèlman pou kouvèti asirans Medicare. Nouvo kat la pap chanje pwoteksyon oswa benefis ou yo. Ou pral jwenn plis enfòmasyon nan Medicare lè yo voye nouvo kat la pou ou pa lapòs.

### **Men kijan ou ka pare:**

- Asire ke adrès postal ou ajou. Si adrès ou bezwen koreksyon, kontakte Sekirite Sosyal nan [ssa.gov/myaccount](http://ssa.gov/myaccount) oswa 1-800-772-1213. Itilizatè TTY yo ka rele 1-800-325-0778.
- Fè atansyon a nenpòt moun ki kontakte w osijè nouvo kat Medicare ou. Nou pap janm mande w pou ba nou enfòmasyon pèsònèl oswa prive pou n jwenn nouvo nimewo ak kat Medicare ou.
- Eseye konprann voye yon nouvo kat bay chak moun sa ap pran yon titan. Kat ou a ka pa rive menm lè avèk kat zanmi oswa vwazen w lan.

